



# Deklarasyon Dwa pou Viktim Agresyon Seksyèl

Dokiman sa a fèt pou enfòme viktim agresyon seksyèl yo sou dwa yo genyen dapre atik 23-98-5 nan Lwa Jeneral Rhode Island yo. Dwa sa yo disponib pou tout viktim agresyon seksyèl, menm si yo chwazi pou yo pa patisipe nan sistèm jistis penal la oswa yo pa deside pase yon egzamen medikal.

## Dwa w genyen pou jwenn aksè avèk yon egzamen medikal ak yon kit pou prèv nan ka agresyon seksyèl

Si w viktim yon agresyon seksyèl, li rekòmande pou w ale lopital pou w pase yon egzamen mediko-legal epi trete nenpòt lòt blesi ou ka genyen pi vit ke posib. Ou gen dwa pou w jwenn aksè avèk yon egzamen medikal pou agresyon seksyèl nan yon lopital epi pou w fè prelèvman yon kit prèv pou agresyon seksyèl. Kit pou prèv nan ka agresyon seksyèl yo se zouti estanda ak presye pou kolekte prèv apre yon agresyon seksyèl. Se pwofesyonèl medikal ki prepare kit sa yo epi yo ka ede envestigatè yo idantifye delenkan yo atravè profil ADN ak lòt prèv.

Yon kit pou prèv agresyon seksyèl fè pati egzamen mediko-legal pou agresyon seksyèl epi anjeneral gen ladan l yon egzamen fizik ak koleksyon rezulta byolojik ak fizik, ansanm ak tès pou enfeksyon seksyèlman transmisib (STI) ak, si sa nesesè, yon tès pou agresyon Seksyèl konsomasyon Dwòg Fasilite (DFSA). Menm lè viktim yo ankouraje pou chèche swen medikal nenpòt ki lè apre yon agresyon seksyèl, yon kit prèv pou agresyon seksyèl ta dwe fèt pi vit ke posib e depreferans nan 72 èdtan, e pa pita pase 96 èdtan apre agresyon an.

Viktim yo gen dwa pou jwenn konpansasyon pou depans egzamen mediko-legal yo nan ka agresyon seksyèl, kit yo rapòte agresyon an bay fòs delòd yo oswa/ak kolabore oubyen pa kolabore avèk nenpòt ankèt oswa pouswit.

## Dwa w pou w chwazi si w ap rapòte agresyon seksyèl ou a bay fòs delòd yo

Ou gen dwa pou w chwazi rapòte yon agresyon seksyèl bay lapolis oswa lòt òganizasyon ki chaje pou fè respekte lalwa.

Rapòte agresyon seksyèl ou bay fòs delòd yo pa vle di ou dwe pote plent oswa patisipe nan yon ankèt ak/oswa pouswit. Ou ka chwazi pou rapòte epi espesyalman refize pote plent ak/oswa patisipe nan pwosesis la. Sepandan, desizyon w pou w pa patisipe nan sistèm jistis penal la ap limite pwobableman chans kalifikasyon w nan sèvis Pwogram Konpansasyon pou viktim zak Kriminèl yo.

Desizyon ou pou rapòte agresyon seksyèl ou bay fòs delòd yo gen yon enpak sou lide si kit ou a pral teste.

- Si w chwazi pou rapòte agresyon seksyèl ou a bay yon ajans ki chaje pou fè respekte lalwa, kit ou pouswiv oswa kolabore nan ankèt la ak pouswit jidisyè, yon laboratwa eta a pral teste prèv fizik yo kolekte nan yon delè lalwa presize epi pataje avèk fòs delòd yo.
- Si w chwazi pou w pa rapòte agresyon seksyèl ou a bay yon ajans ki chaje pou fè respekte lalwa, Depatman Sante Rhode Island ap kenbe kit ou a pou yon peryòd omwen dis (10) an, men li p ap teste tanke plent la pa depoze devan yon ajans ki chaje pou fè respekte lalwa.

Si w chwazi pa rapòte yon agresyon seksyèl bay fòs delòd yo imedyatman oswa yon ti tan apre li rive, ou toujou rezève dwa pou rapòte li bay fòs delòd yo nan yon lòt moman.

Sepandan, viktим yo dwe konnen ke tan k ap pase a ka anpeche kapasite fòs delòd yo pou envestige ak kapasite biwo Pwokirè Jeneral la pou angaje pouswit epi mande jistis. Pou jwenn èd pou navige nan sistèm jistis penal la, ou ka adrese yon avoka pou viktим nan yon tribinal oswa bò kote fòs delòd yo oswa yon defansè viktим agresyon seksyèl depi premye jou nan [www.dayoneri.org](http://www.dayoneri.org).

Enfòmasyon kontak avoka yo disponib nan adrès sa a [www.ricadv.org/help-for-victims-in-criminal-cases/](http://www.ricadv.org/help-for-victims-in-criminal-cases/).

Viktим yo toujou ankouraje fòtman pou yo rapòte agresyon seksyèl yo bay fòs delòd yo. Li pa janm twò ta pou fè sa.

Pa gen okenn preskripsyon pou vyòl, agresyon seksyèl premye degré, agresyon seksyèl ak pedofili premye degré oswa agresyon seksyèl ak pedofili dezyèm degré. Sa vle di pouswit jidisyè yo ka fèt nenpòt ki lè apre sa. Gade atik 12-12-17 nan Lwa Jeneral R.I yo.

Pou nenpòt lòt enfraksyon penal, nou ankouraje w pou rapòte li menm si li twò ta pou angaje yon pouswit nan ka endividyle ou an. Nenpòt enfòmasyon ou ka bay ap ede Rhode Island asire sekirite kominate li yo epi yo ka toujou ede idantifye moun ki agrese w la epi trennen li devan lajistik, sitou si li te komèt lòt agresyon seksyèl.

### Dwa ou genyen pou yon konsiltasyon avèk yon defansè viktим

Pandan nenpòt egzamen mediko-legal oswa tout antretyen avèk fòs delòd yo, pwokirè, oswa avoka defans, ou gen dwa pou konsilte yon defansè viktим pou agresyon seksyèl. Malgre yon defansè viktим p ap kapab bay konsèy legal, yo ka ofri sipò, ede planifie sekirite, konekte viktим yo ak resous adisyonèl ak/oswa referans, ede viktим yo konprann opsyon yo epi eksplike yo sa pou yo atann de pwosesis jistis penal la.

Tout konvèsasyon ou genyen avèk yon defansè viktим pou agresyon seksyèl yo pral konfidansyèl ak privilejye, sa vle di yo p ap pataje okenn pati nan konvèsasyon w ak yon doktè, ofisye lapolis, pwokirè oswa yon avoka ladefans. Defansè Viktим ou a pral eksplike w tout limit sou konfidansyalite konvèsasyon ou yo avèk li.

Yon doktè lejis, yon ofisye fòs de lòd yo oswa yon pwokirè fè w konnen dwa w genyen pou w wè yon defansè viktим anvan yo poze w kesyon sou eksperyans ou. Egzamen oswa entretyen sa a pa dwe kontinye amwens ke dwa sa a renonse volontèman an tout konesans de koz. Gade atik 23-98-5 (a)(1) nan Lwa Jeneral R.I yo.

Menmsi ou deside pa konsilte yon defansè viktим nan yon moman pandan envestigasyon sou agresyon an, ou konsève dwa pou konsilte yon defansè viktим nan nenpòt lòt etap nan envestigasyon an. Gade atik 23-98-5 (a)(1) nan Lwa Jeneral R.I yo.

Avoka yo disponib pou pale avèk ou nenpòt lè atravè Liy asistans telefonik Konfidansyèl pou Viktим zak Kriminèl Eta Rhode Island nan 1-800-494-8100. W ap jwenn nan fen dokiman sa a resous siplemantè ki ka itil ou.

### **Dwa w genyen pou jwenn enfòmasyon sou kit prèv ki lye avèk agresyon seksyèl ou**

Ou gen dwa jwenn, sou demann ou an, enfòmasyon sa yo, kominike nan fason ou chwazi a, konsènan kit ou a:

- Lye, dat tès yo ak rezulta tès yo;
- Si yo te jwenn yon pwofil ADN apati kit lan epi si gen korespondans avèk pwofil ADN ki nan baz done eta oswa federal; epi
- Dat ki estime pou destriksyon kit lan.
- Ou gen dwa tou pou mande yon avi alekri sou destriksyon kit ou a epi pou w resevwa li pa pita pase swasant (60) jou anvan dat destriksyon ki pwograme a. Gade atik 23-98-5(a)(2) ak (a)(4) nan Lwa Jeneral R.I yo.

Si w te rapòte agresyon seksyèl ou bay fòs delòd yo, ou ka mande aksè avèk enfòmasyon ki lye avèk kit ou a nan men ajans ki chaje pou fè respekte lalwa kote ou te rapòte agresyon seksyèl ou a.

Si w pa t rapòte agresyon seksyèl ou bay fòs delòd yo, kit ou a pa te teste. Sepandan, ou ka mande dat ki prevwa pou destriksyon kit ou a nan Depatman Sante Rhode Island.

### **Dwa ou gen pou fòs delòd yo notifiye w**

Si w chwazi pou rapòte agresyon seksyèl ou bay fòs delòd yo, ou gen kèk dwa pou enfòmasyon dapre lalwa Rhode Island.

- Ou gen dwa pou w enfòme sou nenpòt chanjman nan sitiyasyon ka w la, ki gen ladan si ka w la fèmen. Gade atik 23-98-5(a)(3) nan Lwa Jeneral R.I yo.
- Si yo te fèmen dosye w la, ou gen dwa tou pou w enfòme sou re-ouvèti li. Gade atik 23-98-5(a)(3) nan Lwa Jeneral R.I yo.

Si w chwazi pou w pa deklare ka w la pandan egzamen medikal ou ak prelèvman pou kit ou a:

- Ou gen dwa pou yo di w kijan pou w depoze yon plent devan fòs delòd yo epi fè teste kit ou a alavni. Gade atik 23-98-5(a)(7) nan Lwa Jeneral R.I yo.
- Viktim yo ka rapòte agresyon seksyèl yo nan kontakte depatman lapolis lokal yo, Lapolis Eta Rhode Island oswa sèvis polis kote aksyon an te pase a.

Viktim ke Biwo Pwokirè Jeneral la ap pouswiv ka yo ka jwenn aksè avèk enfòmasyon yo atravè VOICE, yon sistèm sou entènèt ki rasyonalize prestasyon sèvis yo nan pèmèt viktим yo gen aksè avèk done ka yo an tan reyèl nan yon anviwònman si e sekirité.

Viktim yo ka enskri sou VOICE nan <https://voice.riag.ri.gov>

### Dwa ou genyen pou prezève kit ou an

Ou gen dwa pou fè prezève kit ou a ak kontni li.

- Fòs delòd yo dwe konsève kit ki asosye avèk krim yo te sinyale e ki pa t gen enkilpasyon oswa ki pa t rezoud yo pandan omwen senkant (50) an. Gade atik 23-98-4(b)(3) nan Lwa Jeneral R.I yo.
- Depatman Sante Rhode Island pral konsève kit ki pa deklare e ki pa teste yo pandan omwen dis (10) an. Gade atik 23-98-5(a)(5); nan Lwa Jeneral R.I yo; Gade tou atik 23-98-4(b)(1); nan Lwa Jeneral R.I yo.

### Dwa ou genyen pou deziyen yon moun

Ou gen dwa pou deziyen yon moun ou chwazi pou aji kòm moun k ap resevwa nenpòt enfòmasyon ou gen dwa pou resevwa dapre Deklarasyon Dwa sa a. Gade atik 23-98-5(a)(6) nan Lwa Jeneral R.I yo.

### Dwa ou gen pou jwenn konpansasyon kòm viktim

Antanke viktim agresyon seksyèl, ou gen dwa pou aplike nan Pwogram Konpansasyon pou Viktim zak Kriminèl yo epi ou gen dwa pou w enfòme sou dwa w pou w aplike. Gade atik 23-98-5(a)(8) nan Lwa Jeneral R.I yo. Ou ka soumèt yon aplikasyon isit la: <https://cvcapp.treasury.ri.gov/>. Ou kapab enprime tou yon aplikasyon epi fakse li nan (401) 462-7694 oswa poste li nan adrès sa a:

Crime Victim Compensation Program  
Office of the Rhode Island General Treasurer  
50 Service Avenue  
Warwick, RI 02886

Ou ka voye kesyon konsènan Pwogram Konpansasyon Pou Moun ki Viktim zak Kriminèl nan 401-462-7655.

Viktim agresyon seksyèl yo kapab kalifye tou pou pwogram federal pou kouvrir depans medikal ak lòt depans ki asosye avèk agresyon seksyèl la. Tanpri vizite: <https://www.fbi.gov/resources/victim-services/rights-of-federal-crime-victims>.

## Resous pou Agresyon Seksyèl

Liy Asistans telefonik nan ka Agresyon Seksyèl: 1-800-656-4673

Liy Asistans telefonik pou Moun ki Viktim Zak Kriminèl nan RI: 1-800-494-8100,  
[www.helplineri.com](http://www.helplineri.com)

Liy Asistans telefonik Rhode Island la disponib 24 sou 24, pou bay sipò gratis ak konfidansyèl, enfòmasyon, ak konsèy pou moun ki sibi zak vyolans. Defansè yo ofri tou sipò konfidansyèl atravè yon liy asistans chat an dirèk 24/7, ki aksesib nan vizite sit sa a [www.ricadv.org](http://www.ricadv.org) epi klike sou kaz ki di "24 HR HELPLINE" ki anlè a dwat nan ekran an oswa lè w konsilte sit sa a [www.bvacri.org](http://www.bvacri.org) epi klike sou bouton "Live Chat" ki nan paj dakèy la, sou bò dwat ekran an.

**Day One:** 401-421-4100, [www.dayoneri.org](http://www.dayoneri.org)

Misyon Day One se diminye abi ak vyolans seksyèl epi defann moun ki viktим de sa. Day One se sèl ajans nan RI ki te òganize espesyalman pou adrese pwoblèm agresyon seksyèl kòm yon pwoblèm kominotè.

**Kowalisyon RI Kont Vyolans Domestik:** 1-800-494-8100, [www.ricadv.org](http://www.ricadv.org)

Objektif Kowalisyon Rhode Island Kont Vyolans Domestik se elimine vyolans domestik nan Rhode Island. Misyon yo se sipòte ak amelyore travay ajans manm yo epi bay lidèchip nan zafè vyolans domestik.

**Sant Aksyon Sosyal Blackstone Valley:** 401-723-3057, [www.bvacri.org](http://www.bvacri.org)

Misyon Sant Aksyon Sosyal Blackstone Valley se bay sèvis konplè pou viktим vyolans domestik ak vyolans seksyèl, ansanm avèk edikasyon prevantif pou tout kominate a.

**Biwo Sèvis pou Viktim nan RI:** Liy dirèk notifikasyon pou viktим yo: 877-744-8463,  
[www.doc.ri.gov/victims/office-victims-services](http://www.doc.ri.gov/victims/office-victims-services)

Biwo Sèvis pou Viktim yo (OVS) fèt pou sèvi tout viktим kriminalite kote delenkan yo nan prizon kounye a nan ACI. OVS kapab ede tou manm konsène fanmi viktим sa yo, ansanm avèk founisè sèvis pwofesyonèl yo ak fòs delòd yo.

**Sojourner House:** Liy asistans telefonik: 401-765-3232, [www.sojournerri.org](http://www.sojournerri.org)

Sojourner House se yon òganizasyon ki espesyalize nan lit kont vyolans domestik ak agresyon seksyèl. Pwogram defansante seksyèl li a mete aksan sou enpòtans sante ak epanuisman seksyèl nan pwosesis global gerizon an.

**Elizabeth Buffum Chace Center:** Liy dirèk: 401-738-1700, [www.ebccenter.org](http://www.ebccenter.org)

Misyon Elizabeth Buffum Chace Center se mete fen nan zafè komèt zak vyolans entèpèsonèl ak tolerans sosyete a nan zafè vyolans entèpèsonèl, ki gen ladan tout fòm vyolans domestik ak abi seksyèl, epi, jiskaske sa reyalize, bay bay viktим yo sèvis konplè epi edike kominate a.

# Resous nan zafè planifikasyon sekirite

## Òdonans pou pwoteksyon

Yon òdonans pou pwoteksyon se yon òdonans yon tribinal fè ki entèdi yon lòt moun pwoche bò kote yon moun oswa fè li yon bagay. Abitan Rhode Island yo ka jwenn yon òdonans pwoteksyon nan tribinal lafanmi, tribinal distri, oswa lakou siperyè. Yon òdonans pwoteksyon se pa yon garanti sekirite pou okenn moun, men vyole yon òdonans pou pwoteksyon ka yon enfrakson penal oswa sivil, tou depann de sikontans patikilye ka a, pa egzanp si li enplike yon relasyon domestik. Resous ki endike anba yo bay enfòmasyon pou moun ki vle jwenn yon òdonans pou pwoteksyon.

- Sèvis legal Rhode Island: [www.helprlaw.org](http://www.helprlaw.org)
- Kowalisyon nan RI Kont Vyolans Domestik: [www.ricadv.org/restraining-orders/](http://www.ricadv.org/restraining-orders/)
- Pwogram Asistans Jidisyè nan zafè vyolans Domestik: [www.ricadv.org/help-for-victims-in-criminal-cases](http://www.ricadv.org/help-for-victims-in-criminal-cases)

Pou kontakte yon avoka, rele tribinal nan zòn ou an:

- Konplèks Jidisyè Garrahy (Providence): 401-458-3372
- Konplèks Jidisyè Noel (Kent): 401-822-6680
- Konplèks Jidisyè McGrath (Wakefield): 401-782-4174
- Konplèks Jidisyè Murray (Newport): 401-619-2555 / 401-619-2865

## Pwogram sou Konfidansyalite Adrès

Nan dat 1ye janvye 2023, yo te etabli Lwa sou Pwogram Konfidansyalite Adrès ki pèmèt Sekretè Eta a bay yon moun ki te sibi vyolans domestik yon lòt adrès. Víktim vyolans domestik ak seksyèl, abi, asèlman ak trafik moun yo kalifye pou pwogram sa a. Sekretè Deta a ka voye kourye nan adrès sa a. Gade atik 42-164 ak annapre yo nan Lwa Jeneral R.I yo.

Pou plis enfòmasyon oswa pou aplike pou patisipe nan Pwogram Konfidansyalite Adrès la, vizite sit entènèt Sekretè Eta RI a: [www.sos.ri.gov/AddressConfidentialityProgram](http://www.sos.ri.gov/AddressConfidentialityProgram)

## Konfidansyalite Kominikasyon ak Enfòmasyon ki lye avèk Swen Sante

Anplis Pwogram Konfidansyalite Adrès la, Lwa sou Konfidansyalite Kominikasyon ak Enfòmasyon nan zafè Swen Sante, ki te adopte an 2021, pèmèt pasyan ki sou plan asirans yon lòt moun, pa egzanp, plan yon paran oswa yon patnè ki vyolan, redirije kominikasyon asirans sante nan yon lòt adrès ki sekirité, imèl oswa nimewo telefòn. Gade atik 5-37.3-12. Lwa Jeneral R.I yo.

Si w ta renmen redirije kominikasyon sou asirans sante w, vizite sit entènèt konpayi asirans ou an pou w jwenn aksèk avèk fòmilè demann kominikasyon konfidansyèl la. Si w pa ka jwenn fòmilè a, kontakte konpayi asirans ou a dirèkteman pou mande li.

## Nòt sou dosye w la

### Founisè Swen Medikal

Non: \_\_\_\_\_ Tel: \_\_\_\_\_

### Defansè

Non : \_\_\_\_\_ Tel : \_\_\_\_\_

### Òganis fòs delòd

Non : \_\_\_\_\_ Tel : \_\_\_\_\_

### Envestigatè

Non : \_\_\_\_\_ Tel : \_\_\_\_\_

### Pwokirè

Non : \_\_\_\_\_ Tel : \_\_\_\_\_